EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# NUMERATIVES IN THE KARAKALPAK LANGUAGE (BASED ON THE WORKS OF T.QAYIPBERGENOV)

**Xudaybergenova Dilfuza Aytbay qızı**
Independent Researcher
https://doi.org/10.5281/zenodo.17251060

## ARTICLE INFO

Received: 14th September 2025
Accepted: 29th September 2025
Online: 30th September 2025

## KEYWORDS

*Numeral words, numeratives, types of numeratives by meaning, numeratives indicating length, units used with numerative meaning.*

## ABSTRACT

*In the Karakalpak language, words that convey quantitative meaning between numerals and nouns form a large group. Such words are called numeratives. The article examines numeratives, which have not been specifically studied in Karakalpak linguistics, and explores their types, providing examples as the basis.*

# QARAQALPAQ TILINDE NUMERATIVLER (T.QAYÍPBERGENOV SHÍǴARMALARÍ MÍSALÍNDA)

**Xudaybergenova Dilfuza Aytbay qızı**
erkin izleniwshi
https://doi.org/10.5281/zenodo.17251060

## ARTICLE INFO

Received: 14th September 2025
Accepted: 29th September 2025
Online: 30th September 2025

## KEYWORDS

*Esap sózler, numerativler, numerativlerdiń mánisine qaray túrleri, uzınlıqtı bildiriwshi numerativler, numerativlik mánide qollanıwshı birlikler.*

## ABSTRACT

*Qaraqalpaq tilinde sanlıq penen atlıq sózlerdiń ortasında muǵdar mánisin berip keletuǵın sózler kópshilikti quraydı. Bunday sózler numerativler dep ataladı. Maqalada qaraqalpaq til iliminde arnawlı túrde úyrenilmegen numerativler hám olardıń túrleri úyreniledi hám mısallar menen tiykarlap beriledi.*

Qaraqalpaq tilinde sanlıq penen atlıq sózlerdiń ortasında muǵdar mánisin berip keletuǵın sózler kópshilikti quraydı. Bunday sózler numerativler dep atalıp, qaraqalpaq tiliniń sózlik quramı, grammatikalıq qurılısın úyreniwde hám ilimiy jaqtan tiykarlap beriwde áhmiyetli qurallardan esaplanadı. Numerativ sózlerdi toplaw hám olardıń ózgesheliklerin úyreniw, onı arnawlı túrde izertlew házirgi kúnde qaraqalpaq til biliminiń áhmiyetli wazıypalarınan biri.

Til biliminde belgili ilimpazlardan M.A.Kazembek, V.M.Nasilov, A.K.Dmitriev, N.A.Baskakov, X.Bayliev, A.Xasenovlar numerativlerdiń bir qanshasın óz miynetlerinde keltirip ótken.

H.Kamilova da ózbek tilinde jumsalatuǵın numerativlerdiń bir qanshasına toqtap, olardan *gramm, centner, metr* sıyaqlılar házirgi waqıtta da keń qollanılatuǵınlıǵın kórsetedi. S.Nizomiddinova, A.Ishaevler de numerativlerdiń ayırım túrleri hám olardıń ózine tán ózgesheliklerine toqtap ótedi. Ózbek til biliminde numerativler boyınsha arnawlı izertlew júrgizgen ilimpaz P.Hamdamov boldı. Ol óziniń "Házirgi ózbek tilinde numerativler" degen miynetinde ólshemlik túsinikti bildiretuǵın atamalardı numerativ dep atap, jazba esteliklerdegi, dialektlik mánidegi, házirgi ózbek tilindegi degen toparlarǵa bólip olardıń semantikalıq ózgesheliklerin, morfologiyalıq usıl menen dórendi numerativlerdiń jasalıw jolların kórsetedi. J.Sh.Axmedova ólshemlik mánidegi sózlerdi leksika-semantikalıq jaqtan birneshe mánilik toparlarǵa bólip, olardıń túrleniw ózgesheliklerine, grammatikalıq qurılısına, sintaksislik modeline názer awdarǵan. Onıń miynetlerinde mınaday pikirlerdi ushıratıwǵa boladı: "Esaplıq sózler (schetnıe slova) zattıń ózin yamasa onıń sanın bildirmeydi, onıń sanalıwı menen baylanıslı túsiniklerdi bildiredi" - dep, esaplıq sózlerdi úsh toparǵa bólip kórsetedi: 1) zat yamasa nárse birlikleriniń ataması esabı: *bas, tal, túp,* t.b.; 2) adamlardıń toparınıń esabı: *taypa, top, qáwim*, t.b.; 3) mallardıń toparınıń esabı: *úyir, tabın, qora*.

Ilimde qanday alǵa ilgerilew, rawajlanıw bolsa da ol tikkeley ólshemler menen baylanıslı. Tilimizde bunday birlikler úlken áhmiyetke iye. Qaraqalpaq tili grammatikasında numerativ sózlerdiń ornı hám atqaratuǵın xızmeti ayırıqsha. Tyurkolog tilshi ilimpazlar bunday muǵdardı bildirip keletuǵın sózlerdi hár túrli ataydı: "esap sózler", "túsindiriwshi sózler", "san menen zattıń ortasında qollanılıwshı sózler", "numerativler". Numerativ sóziniń mánisi haqqında túrli ádebiyatlarda bir-birine jaqın pikirler aytılǵan. Sonday-aq, numerativ sózi numer sózinen kelip shıqqan hám bul boyınsha bir qansha pikirler bar. A.N.Chudinovanıń "Shet el sózleri rus tilinde" atlı miynetinde tómendegishe túsindirmeler berilgen: *numer-nomer, numer* sıyaqlı latın tilindegi sózlerden kelip shıǵıp, zattıń tártibin bildiriwshi san, bólek kitap, miymanxanadaǵı xana, degen mánilerdi ańlatadı dep kórsetken. Rus tiliniń etimologiyalıq sózliginde bolsa, "numer" sóziniń "nomer" sózi menen baylanıslı ekenligi aytıladı. Demek, numerativ sózi latınsha "numerus" yaǵnıy nomer sózinen kelip shıqqan xalıqaralıq termin bolıp, qaraqalpaq tili grammatikasın úyreniwde de áne usı atamanı qollanǵanımız durıs boladı.

Áyyemgi jámiyetlik dúzimde adamlar tirishiliginiń tiykarǵı deregi ańshılıq, diyqanshılıq hám sharwashılıq bolǵanı ushın olardıń esabın, muǵdarın, shegarasın, shamasın belgili ólshem birlikleri menen belgilew kerek bolǵan. Usınday zárúrlikler tiykarında áyemgi ólshew sistemaları júzege kelgen. Ólshew tariyxı haqqında izertlewshilerdiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda miynet procesiniń rawajlanıwı nátiyjesinde qorshaǵan ortalıqtaǵı zat hám nárselerdi ólshew úlken áhmiyetke iye edi. Buǵan tiykar etip adamnıń dene aǵzaları alınǵan, yaǵnıy eń dáslepki ólshew quralları xızmetin adamnıń dene aǵzaları atqarǵan. Dene aǵzalarınıń xızmeti sonshelli keń, olar uzınlıq, biyiklik, qalıńlıqtı ólshewde de qollanılǵan, geyde kólem hám awırlıq ólshemlerin anıqlawda da qollanılatuǵın bolǵan. Adamzat biliwdiń klassifikaciyalanıwı dawamında qorshaǵan ortalıqtaǵı zatlardıń kólemin anıqlawda óziniń qolı, barmaǵı, shıǵanaǵı, ayaǵı,

tabanı, boyınan paydalanǵan. Bul dúnyadaǵı kóplegen xalıqlardıń áyyemgi ólshemlerine tán qubılıs bolǵan.

Shıǵıs xalıqlarında ázelden qollanılıp kiyatırǵan ólshem birlikleri haqqında ilimpaz Q.Axmetjan "Burınǵı zamanda shıǵıs xalıqlarında, dástúriy xalıqlıq metrologiyada uzınlıq ólshemleri retinde adamnıń dene dúzilisiniń ózgesheligine sáykeslesken, ómirlik tájiriybeniń nátiyjesinde payda bolǵan, qollanıwǵa ıńǵaylı turaqlı ólshemler toparı bolǵan"- degen pikirdi bildiredi. Alımnıń "Қазақ дәстүрлі қару-жарағы: даму тарихы, құрылымы, этномәдени қызметі" atlı tariyxıy-etnologiyalıq izertlewindegi qarıw-jaraq óndirisinde qollanılatuǵın dástúrli uzınlıq hám awırlıq ólshem birliklerine arnalǵan bóliminde, qarıw-jaraq jasawda qollanılatuǵın uzınlıq, awırlıq ólshemleri haqqında aytıladı.

Demek, numerativ sózler burınnan bar bolıp, házirgi kúnge shekem óz mánisin joǵaltpaǵan, tek ǵana qollanılıwında ayırım ózgerislerge ushıraǵan yamasa gónergen túrlerine iye bolǵan, sanlıq penen atlıq ortasında kelip, sanalatuǵın zattıń muǵdarın bildirip keliwshi sózler bolıp tabıladı. Olardı arnawlı túrde úyreniw qaraqalpaq til ilimiiniń rawajlanıwına úlken úles qosarı anıq. Bunıń ushın qaraqalpaq xalqınıń mádeniy turmısında ayrıqsha orın iyeleytuǵın kórkem sóz sheberleriniń shıǵarmaların lingvistikalıq baǵdarda izertlew úlken ámeliy áhmiyetke iye. Sebebi, ádebiy til – ulıwma xalıqlıq tildiń kórkem sóz sheberleri tárepinen qayta islengen, dóretiwshilik baǵdarında bayıtılǵan túri bolıp esaplanadı. Olardıń shıǵarmalarında til birliklerinıı áyyemnen kiyatırǵan úlgileri de, házirgi ádebiy tildegi úlgileride tabıladı.

Jazıwshı T.Qayıpbergenov shıǵarmaları leksikasınıń oǵada baylıǵı, bayanlawdaǵı semantikalıq, stillik ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Sonlıqtan qaraqalpaq tilindegi numerativ sózlerdi onıń shıǵarmaları mısalında hártarepleme úyrenip shıǵıw kerek dep esaplaymiz. Numerativler sanaq san menen sanalatuǵın zat arasında kelip, olardıń túrli jaǵdaylarına baylanıslı ólshewdi bildirip keledi: *Usı maqset penen ol Dáwletovtıń qaptalına kelip, ózine bir stakan mineral suw quyıp aldı da: - Dáwletov,- dedi stakandı awzına jaqınlatpastan burın.* (T.Qayıpbergenov "Kózdiń qarashıǵı" 11-bet)

*- Awa, biziń awıl "Jańalıq" sovxozınan on bes kilometrdey-aq, qashıqlıqta turadı.*(T.Qayıpbergenov "Kózdiń qarashıǵı" 28-bet) Bunda, *bir stakan mineral suw* degen mısalda stakan sózi bir sanlıǵı menen birge kelip mineral suwdıń muǵdarın bildirip kelgen. Al, keyingi mısalda *kilometr* sózi uzınlıq ólshem birligin bildirip tur. Tilimizdegi bunday sózler qollanılıw jaǵdayına qaray, dúzilisine qaray hám ańlatqan mánileri boyınsha túrlishe bolǵanlıqtan, biz olardı túrlerge bólip úyrenemiz. Numerativ sózlerdi qollanılıw jaǵdayına qaray ekige bóliwge boladı:

1) Tiykarǵı numerativler. Tilimizde zatlardıń muǵdarın bildirip keletuǵın sózler oǵada kóp qollanıladı. Solardan tek numerativ mánisinde keletuǵın sózler: dana, túp, túyir, milligram, gramm, kilogramm, centner, tonna, millimetr, santimetr, decimetr, metr, kilometr, qarıs, qulash, adım, topar, toda, top, uyım, buwat,dáste, úyir, pada, tay, dúrkin, qáwim, shaq, buwdaq, túlik, tilik, tuwram, asam, atım, kespe, qamtım, jutım, urtlam, shuqım, tanap, kvadrat metr, gektar, kub metr, kub santimetr. Bul numerativ sózler sanaq sanlıq penen sanalatuǵın nárse ortasında kelip, zatlardıń hár qıylı ólshew muǵdarın bildiredi. Bunday numerativlerdiń ayırımları anıq ólshew birligi bolıp kelse, biraq

ayırımları anıq bir muǵdardı bildirmeydi, al sol zattıń muǵdarın shamalap kórsetedi. Qaraqalpaq tilinde numerativ mánisinde qollanıltuǵın sózlerdiń kópshiligi túrkiy tiller ushın ulıwmalıq bolǵan sózler esaplanadı. Bunday sózler burınnan ózbek, uyǵır, qazaq, túrkmen, azerbayjan sıyaqlı basqa túrkiy tillerde bar bolıp, ayırım fonetikalıq ózgerisler menen házirgi kúnde de keń qollanılıp kelmekte. Mısal ushın, bas, atım, tutam, qulash, en, kesim, adım, shaqırım, qaynatım, qazan, tabaq, qasıq, shómish, salım sıyaqlı sózler negizinen ulıwma túrkiy xalıqlardıń leksikasına tiyisli bolıp keledi. Bular anıq bir ólshemdi bildirmese de, sanaq sanlıq penen birge numerativ sıpatında jumsaladı, sanalatuǵın zattıń muǵdarın bildirip keledi: *Dáwletovqa qaraǵan hár jup kóz "Qáleseń direktor bol, qálemeseń kete ber, eger bizler menen islese bilseń, islesemiz, islespeseń bir túp jantaq sekilli joldan shıǵarıp taslaymız" dep otırǵanǵa megzeydi.*("Kózdiń qarashıǵı", 26-bet). *–Awa, biziń awıl "Jańalıq" sovxozınan on bes kilometrdey-aq qashıqlıqta turadı.* ("Kózdiń qarashıǵı", 28-bet).

2) Numerativlik mánide qollanılıwshı birlikler. Házirgi qaraqalpaq tilinde numerativlik mánide, zattıń muǵdarın ólshewde bir qansha atlıq sózler qollanıladı, yaǵnıy, bunday sózler ólshenetuǵın zattıń jaylasqan ornına qaray sol nárse numerativ xızmetin atqarıp keledi. Máselen: *shiyshe, stakan, etek, kese, banka, shelek, qap, qalta, qazan, quman, lágen, qasıq, chaynik, qutı, tandır, vagon, chemodan, arba, mashina, shómish, gúze, qora, telejka* sıyaqlı sózler numerativlik xızmette keledi. Bazardan bir kún burın ákelgen bir *arba* otındı Tórebay qalaǵa satıp keledi. ("Qaraqalpaq qızı", 179-bet). Jumagúl Turdıgúlden bir *shiyse* sarı may ákeldi. ("Qaraqalpaq qızı", 206-bet).

N.A.Baskakov "Каракалпакско-русский словарь" miynetinde qaraqalpaq tilinde qollanılatuǵın numerativ sózlerdiń uzınlıq, awırlıq, kólem, dana, topar hám jámlew sıyaqlı mánilerdi ańlatıp keletuǵınlıǵı haqqında aytıp ótken. Ilimpaz óz pikirin *batpan, úyir,top* sıyaqlı numerativlerdiń gáp ishinde qollanılıp keliwin mısallar arqalı kórsetip bergen.

P.Hamdamov ózbek tilindegi numerativlerdi semantikalıq jaqtan tómendegishe túrlerge bólip qaraydı: birlikti bildiriwshi numerativler; awırlıq ólshemlerdi bildiriwshi numerativler; uzınlıq ólshemlerin bildiriwshi numerativler; maydandı bildiriwshi numerativler; waqıt ólshemlerin bildiriwshi numerativler; suyıqlıq ólshemlerin bildiriwshi numerativler; pul birliklerin bildiriwshi numerativler; zattıń kólemin bildiriwshi numerativler; juptı bildiretuǵın numerativler; ulıwmalıqtı bildiretuǵın numerativler; pútinniń bólegin bildiretuǵın numerativler; zattıń jaylasıw ornına qaray qollanılatuǵın numerativler; hawanı ólshewde qollanılatuǵın numerativler; túrli jazıw qaǵazlarınıń muǵdarın bildiretuǵın numerativler. Mine, usınday etip ózbek tilindegi numerativlerdi bir neshe túrlerge bólip úyrengen, bulardıń kópshiligin qaraqalpaq tilinde de ushıratamız. Ańlatqan mánisine qaray, biz de qaraqalpaq tilindegi numerativlerdi bir neshe túrlerge bólip úyreniwimizge boladı. Usı tiykarda T.Qayıpbergenov shıǵarmalarında ushırasatuǵın numerativ sózlerdi birneshe mánilik toparlarǵa bólip kórsetemiz.

1. **Dananı bildiriwshi numerativler.** Ayırım zatlar danalap, birimlep sanaladı. Qaraqalpaq tilinde bunday birimlep, danalap sanalatuǵın zatlardıń muǵdarın ólshew ushın *dana, túp, bas, jan, túyir, tal* sıyaqlı numerativ sózler qollanıladı. Bul sózlerdiń hár qaysısınıń ózine tán qásiyetleri, ózine tán qollanılıw ózgeshelikleri bar. Dúysenbay

Turımbetti qaptalına alıp, shetirektegi *bir túp aqsardı* ayağı menen pıshırlatıp qayırıp jiberdi de, ústine shókti. ("Qaraqalpaq qızı",448-bet)

2. **Uzınlıq ólshemlerin bildiriwshi numerativler** toparına *millimetr, santimetr, decimetr, metr, kilometr, gez, qarıs, qulash, adım, qádem, ǵarı, shaqırım, shıǵanaq* sıyaqlı sózler kiredi. Bul sózler zattıń uzınlıǵın ólshew ushın qollanıladı. Mısalı: -Ilimpazlar Aral teńiziniń astın izertlep jáne bir teńiz taptı. Biraq, ol Araldıń ultanınan *bes júz metrdey* tereńlikte... ("Kózdiń qarashıǵı", 90-bet). Bul awıldıń basqa awıllardan bir ózgesheligi Kegeyliniń ırashınıń astında dese de boladı, eń uzaq úyler *eki-úsh shaqırımnan* aspaydı. ("Qaraqalpaq qızı", 233-bet)

3. **Maydandı bildiriwshi numerativler.** *Tanap, kvadrat metr, kvadrat, kilometr, sotix, gektar, qıytaq* sıyaqlı numerativler maydandı ólshewde sanlıq penen birge keledi. *"Tanap"* sózi eski dáwirlerden baslap-aq jer maydanınıń muǵdarın ólshewde qollanılıp kelgen. Ol anıq muǵdardı bildirmeydi. *"Tanap"* sózi- eski jer ólshemi bolıp, shama menen gektardıń altıdan birine teń keletuǵın jer dep kórsetedi. Mısalı: Onıń da xalıq qatarı ótken jılı alǵan *bir tanap jeri* bar. ("Qaraqalpaq qızı", 206-bet). Qáne kúshti jáne toplayıq, jurt bir *qıytaǵın* súwǵara almay júrgende bul Dúysenbay tanap-tanap jerge egin egip, sonsha súwdı bir ózi ishedi. ("Qaraqalpaq qızı", 216-bet)

4. **Waqıt ólshemlerin bildiretuǵın numerativler.** *Sekund, minut, saat, kún, hápte, ay, jıl, ásir* sıyaqlı sózler waqıt ólshemin bildiretuǵın numerativler bolıp esaplanadı. Olar hámme waqıt sanaq sanlıqlar menen birge qollanıladı. *Kún* sózi sutkanıń tań atqannan qarańǵı túskenge shekemgi aralıǵındaǵı waqıt. Tórebay aǵa Xiywa átirapındaǵı dushpanlarǵa qarsı bes kúnlik sawashqa qatnasıp qaytıp keldi. ("Qaraqalpaq qızı", 298-bet)

5. **Zattıń kólemin bildirip keletuǵın numerativler.** Zatlardıń kólemin ólshew ushın qollanılatuǵın numerativler decimetr, kub metr, kub santimetr sıyaqlı sózler anıq kólemdi bildirip keledi. Sondau-aq, kólemdi bildiriw ushın qollanılatuǵın numerativlik mánide qollanılıwshı sózler de ushırasadı. Bunday sózler qatarına qısım, shuqım, urtlam, jutım, qulash, tutam, buwat, dáste hám taǵı basqa da bir qarat numerativlik mánide jumsalıwshı sózlerdi keltirsek boladı. Mısalı. Soń Sánem jáne bir qıbırlap, qayazıǵan erinlerin jıbırlatıp edi, molla onıń jamılıp atırǵan kórpesiniń jırtıǵınan *bir qısım paxtanı* úzıp alıp, qumandaǵı suwdan azmaz quydı da, ernine súykeledi"Qaraqalpaq qızı", 8-bet)

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, qaraqalpaq tili júdá bay. Qaraqalpaq tilinde dóregen kóp sanlı qunlı shıǵarmalardıń tilin tereńnen úyreniw arqalı tildiń jańa ashılmaǵan qırları shıǵadı. Qaraqalpaq tilindegi numerativ sózlerdiń shıǵarmalarda qollanılıw ózgesheligi, olardıń qalay kelip shıqqanlıǵı, xalqımızdıń obyektiv dúnyanı ózine tán kóriw, seziw, qabıllaw usılları xalqımızdıń mádeniyatı hám tariyxı menen baylanıslı halda etnolingvistikalıq sonday-aq, lingvokulturologiyalıq aspektlerden de úyreniw talap etiledi.

## References:

1. Абдиназимов Ш. Улыўма тил билими тарийхы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 2013.
2. Da'wletov A. Til bilimi tiykarlari'.–No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2013.

3. Күркебаев К.Қ.Қазақ тіліндегі өлшемдік атаулардың этнолингвистикалық сипаты (ұзындық, арақашықтық, салмақ-көлем өлшемдері негізінде) // Канд. дисс. Алматы, 2003ж.

4. Ахметжан Қ. Қазақтардың қару – жарақ жасауда қолданған дәстүрлі ұзындық және салмақ өлшем бірліктері. «Ұлт тағылымы», №3 – 2003, 103-108-бет.

5. Ҳамдамов П. Ҳозирги ўзбек тилида нумеративлар. – Тошкент: «Фан», 1983, 96 б.

6. Ахмедова Ж.К. Казахские народные наименования понятий об измерениях. Автореф. дисс.канд.наук. –Алматы, 1975. –С. 148

7. Qaraqalpaq tiliniń orfografiyalıq sózligi. Dúziwshiler: DáwletovM. Abdinazimov Sh. Nókis, «Bilim» baspası, 2020-jıl.

8. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ қызы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975.

9. Қайыпбергенов Т. Көздиң қарашығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.